

Plan pou Pitit Ou Sizanka Ou Tonbe Malad

NYC ap fè fas ak pwopagasyon nan kominote maladi COVID-19 la. Kòm lide tonbe malad fè paran yo pè, sa ka rasire w si w pale ak zanmi w ak fanmi w konsènan yon plan pou pitit ou a si sa ta rive.

Kisa plan an? Ou kapab kenbe pitit ou a an sekirite si ou fè aranjman pou yon bon adilt responsab pran swen pitit ou a si ou ta vin twò malad pou pran swen l oswa si ou bezwen ale lopital.

Kisa m t ap bezwen fè? Paran yo kapab fè diferan aranjman selon sityasyon fanmi yo. Men kèk konsèy pi ba a pou w konsidere 1) kimoun pou w mande, 2) kòman yon plan ka mache, epi 3) kominikasyon.

1) Kimoun pou ou mande? Panse a ki bon adilt responsab ki ta ka pran swen pitit ou a si ou ta vin twò malad pou w fè sa. Se ta ka fanmi, zanmi, oswa vwazen ou menm ak pitit ou a konnen. Depi ou gen kèk lide, pale ak gadyen ki posib yo alavans pou w asire w ke yo vle epi yo kapab ede.

- **Ki risk ki genyen?** Si gadyen potansyèl yo oswa manm fanmi yo **plis riske gen COVID-19**, ou kapab bezwen panse a lòt posibilite, sizanka pitit ou a ta malad tou.
- **Kisa pitit ou a panse?** Selon laj pitit ou a ak jan l devlope, mande pitit ou a kilès li fè konfyans epi ak kilès li santi l alèz. Gen lòt timoun oswa adolesan ki ka vle pran swen tèt yo epi ede pran swen frè oswa sè ki pi piti, men sa pa rekòmande. Li enpòtan pou timoun yo - timoun ki pi gran tou - gen adilt yo fè konfyans k ap pran swen yo epi ede yo pou jere yon moman ki pote estrès ak ensètitid.

2) Kòman yon plan ta ka mache. Panse a fason plan w lan ta ka mache. Èske gadyen w lan ap rete lakay ou, oswa pitit ou a prale kay gadyen w lan? Èske pitit ou a ap bezwen èd pou l deplase? Èske ou gen bèt kay k ap bezwen swen tou?

- Majorite moun refè anba COVID-19 la, men sa ka pran jiska plizyè semèn. **Lis verifikasyon sa a kapab ede ou òganize enfòmasyon ak resous gadyen w lan ak pitit ou a kapab bezwen yo.**

3) Kominikasyon Plan yo kapab enfòmèl oswa fòmèl, men li enpòtan pou w asire w lòt moun konnen plan w lan epi li ekri yon kote yo kapab jwenn li fasil nan ka ijans.

- Pou yon plan enfòmèl, ou ta ka ekri non ak enfòmasyon kontak gadyen ki te dakò ede w la/yo.

- Yon posibilite pou yon **pan fòmèl**, Eta New York la pèmèt yon paran **ranpli yon fòm** (OCFS Form 4940) pou chwazi yon moun pou pran desizyon enpòtan pou yon timoun nan plas paran l pou yon ti tan.
- Gade si gen lòt moun enpòtan ki dwe konnen plan w lan:
 - Si gen yon lòt moun ki responsab timoun nan tou oswa ki gen dwa vizit, èske ou dwe pale avèk li sou planifikasyon konsènan gadyen sekou a?
 - Èske ou bezwen mete kat ble pitit ou a ajou lekòl?
 - Èske ou t ap vle vwazen w oswa pèsonèl bilding ou an konnen kilès ki otorize vini lakay ou si ou malad?
 - Si w ap viv nan yon chèltè kounye a, èske li t ap itil pou pale de plan w lan ak responsab dosye w la pou l ka konnen kilès ki otorize pran swen pitit ou a (tankou vin chache pitit ou a, si sa nesèsè)?

Plis resous

- Si ou gen difikilte jwenn yon bon gadyen ki ka ede w, oswa ou bezwen èd pou fè yon plan, **tanpri kontakte Biwo Minisipal ACS lokal ou a** pou jwenn enstriksyon ak sipò
- **Gid Jesyon Ijans NYC ak enfòmasyon konsènan preparasyon pou ijans**
- Si ou swete pale ak yon avoka konsènan pwoblèm famiyal, testaman, byen, pwoblèm asirans, oswa lòt planifikasyon, ou kapab kontakte **NYC311** pou enfòmasyon ak rekòmandasyon, oswa yon **asosyasyon bawo lokal**.
- **NYS Kinship Navigator**
- **Administrasyon Resous Imèn NYC** (manje, èd lajan, èd pou lojman, ak plis ankò)
- **Sant Akèy Minisipal NYC DYCD**
- **HelpNowNYC** (fason Vil New York la ak patnè li yo ap bay èd oswa sipòte efò repons pou COVID-19 la)
- **NYC Hope** (resous ak sipò pou moun k ap sibi vyolans nan kay oswa vyolans ki baze sou sèks yon moun)
- **Pou Fè Fas ak Covid (Coping Through Covid)** (konekte Rezidan New York ak moun ki chè pou yo ak resous pou chak jou yo kapab bezwen, tankou: pi bon aksè nan manje ak entènèt; èd konsènan lojman ak lwaye; sèvis medikal, sante mantal ak tretman medikaman; aktivite edikatif ak mwayen pou retire estrès)

Lis Verifikasyon pou Ede Ou Fè Plan W lan

Plan pou Pitit Ou Sizanka Ou ta Tonbe Malad: NYC ap fè fas ak pwopagasyon nan kominote maladi COVID-19 la. Kòm lide tonbe malad fè paran yo pè, sa ka rasire w si w pale ak zanmi w ak fanmi w konsènan yon plan pou pitit ou a si sa ta rive. Lis verifikasyon sa a kapab ede ou òganize enfòmasyon ak resous gadyen w lan ak pitit ou a kapab bezwen yo.

Konsèy Rapid: Maladi oswa ijans ka prezante sanzatann. Menmsi ou pa gen tan oswa kapasite pou ou fè tout bagay pi ba yo, ou ka bezwen ranje yon valiz senp pou pitit ou a ki gen bagay esansyèl ladan l pou si l bezwen deplase - rad derechany, panmpèz ak sèvyèt mouye, medikaman esansyèl, ak yon lis nimewo telefòn enpòtan. Ajoute yon ti jwèt k ap rasire pitit ou a si ou kapab.

Manje, rad ak lòt ekipman:

- Panse ranje yon valiz pou chak timoun ak rad ki pwòp ak lòt bagay pitit ou a ka bezwen itilize pandan rive de (2) semèn, tankou rad, soulye, rad anlè k ap bon pou chanjman tanperati, panmpèz ak ti sèvyèt mouye; bwòs tèt oswa lòt bagay pèsònèl pou pran swen kò; elatriye.
- Fè yon konvèzasyon ouvè ak gadyen sekou w la konsènan sa li ka bezwen si li ta dwe pran swen pitit ou a pandan kèk jou oswa semèn, tankou manje, panmpèz, pwodui pèsònèl, ak lòt ekipman pou pitit ou a. Èske gadyen w lan gen resous finansye pou pran swen pitit ou a, oswa èske n ap bezwen fè yon plan ansanm?
- Asire w gadyen w lan fè **aranjman pou timoun nan dòmi an sekirite** (tankou bèso oswa pak ak jwèt pou timoun).

Dokiman enpòtan: Rasanble dokiman enpòtan pitit ou a yon sèl kote gadyen an ap ka jwenn yo, si sa nesèsè. Sa ka gen ladan batistè, paspò, lòt fòm idantifikasyon leta, kanè vaksinasyon, ak enfòmasyon asirans.

Enfòmasyon medikal: Ekri non pwofesyonèl swen sante, famasi pitit ou a ak enfòmasyon kontak yo; enfòmasyon gadyen w lan sou nenpòt alèji oswa sansibilite alimantè, epi fason pou bay pitit ou a nenpòt medikaman li ka bezwen.

- **Ale gade tou: Enstriksyon ACS sou Fason pou Pran Swen Timoun ki Gen Sentòm Lakay**



Dènye mizajou: 24 avril 2020

Enfòmasyon sou edikasyon: Ekri non lekòl oswa gadri pitit ou a ak enfòmasyon kontak yo epi di gadyen w lan kòman li kapab jwenn nenpòt enfòmasyon ak ekipman konsènan aprantisaj a distans.

Rasirans ak woutin: Di gadyen w lan ki sa ki ede rasire epi sekirize pitit ou a. Ki liv, chanson ak jwèt prefere pitit ou a? Ki aktivite ou menm ak pitit ou a renmen fè ansanm? Kòman ou jere konpòtman negatif yo epi ankouraje konpòtman pozitif? Epi di gadyen w lan ki woutin ou suiv pou manje, syès, lè devwa, lè ekran, eksetera. Kenbe yon woutin ap ede pitit ou a konsève yon santiman nòmalite epi l ap ede gadyen w lan rasire pitit ou a epi fè l santi l an sekirite.

Pou rete konekte: Lè ou kenbe kontak ak lòt moun ki enpòtan nan vi pitit ou a, sa ka ede ou diminye estrès ak anksyete plis posib, menmsi se pa yo k ap pran swen pitit ou a. Èske ou kapab anrejistre yon lis kontak nan telefòn pitit ou a oswa mande l ede w fè yon annye "moun enpòtan"? Kenbe chajè yo ranje yon sèl kote pou w ka jwenn yo fasil epi pou ou pa bliye yo si pitit ou a dwe deplase.

Lòd pwoteksyon: Si ou gen yon lòd pwoteksyon ann aplikasyon pou sekirite pitit ou a kont yon lòt moun, tanpri di gadyen w lan sa epi ba li kopi lòd la.